

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**EGZAMEN TRANZISYON pou ISTWA AK
JEWOGRAFI JENERAL — NIVO 10**

Jedi 24 Janvyè 2019 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 30 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–30): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Yon pwofesè syans sosyal anseye etidyan yo pou yo fè atansyon lè y ap itilize sous primè nan etid istwa yo. Pwofesè a fè deklarasyon sa a paske tout sous primè yo

- (1) frajil epi yo andomaje fasil
- (2) egzije analiz ak entèpretasyon
- (3) prezante opinyon egzat epi ekilibre
- (4) sèvi tankou mwayen pou pwopagann ak distòsyon

- 2 • Koneksyon ant kote ak rejyon
• Modèl repatisyon popilasyon
• Modèl itilizasyon tè iben

Kilès syans sosyal ki pi pwobab pou konsantre sou etid sijè sa yo selon yon pèspektiv espasyal?

- (1) antwopoloji
- (2) jewografi imen
- (3) syans politik
- (4) sikoloji

Sèvi ak deklarasyon ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

Oratè A: Se òf ak demann ki ta dwe kontwole mache a, se pa kapis palman an.

Oratè B: Istwa pral bay jistis ak boujwazi gouman an lè pwoletarya a revòlte.

3 Kilès kalite ekonomi *Oratè A* pi pwobab pou li sipòte?

- (1) lesefè
- (2) twòk
- (3) otosifizan
- (4) melanje

4 *Oratè B* pi byen reprezante lide

- (1) Thomas Malthus
- (2) Cecil Rhodes
- (3) Robert Owen
- (4) Karl Marx

5 Yo pi byen konnen Maximilien Robespierre nan istwa Fransè paske

- (1) li te ralye sipò Fransè pou Revolisyon Ameriken an
- (2) li te eseye elimine lènmi Revolisyon Fransèz la
- (3) li te fè tantativ pou prezève monachi Louis XVI la
- (4) li te aplike prensip kòd Napoleyon an

Sèvi ak enfòmasyon ki gen rapò ak gwo grangou Ilandè anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 ak 7.

Wotasyon rekòt, yon fòm natirèl kontwòl ensèk nuizib, te mwens itilize lè agrikilti Ilandè a, te chanje prensipalman nan kiltive pòm detè. Jaden endividyèl yo tou pre ansanm, sa ki te rann li fasil pou chanpiyon yo te gaye. Apre gwo grangou a, kantite tè jaden ki te kiltive yo te diminye jiska apwoksimativman 50%. Avan gwo grangou a, 8 milyon moun t ap viv nan Iland. Nan ane 1960 yo, 3 milyon t ap viv la.

— Sous Evan D.G. Fraser, *Conservation Ecology*

6 Sèvi ak enfòmasyon sa a, kisa ki te yonn nan kòz gwo grangou Ilandè a?

- (1) yon rediksyon 50% nan kantite tè agrikòl
- (2) yon mank agrikiltè akòz pèt popilasyon an
- (3) metòd agrikilti ki te pwomouvwa dispèsyon chanpiyon pòm detè a
- (4) ogmantasyon itilizasyon pèstisid yo

7 Kilès enpak ki kapab dedui nan enfòmasyon sa a sou gwo grangou Ilandè a?

- (1) Anpil Ilandè te chwazi emigre nan Amerik di Nò.
- (2) Popilasyon nan Iland te ogmante dramatikman.
- (3) Pratik agrikilti Ilandè yo te genyen yon ti kras konsekans sou anviwònman an.
- (4) Gouvènman Ilandè a te redui kantite tè agrikòl nan Iland.

8 Yon gwo objektif Rebelyon Sepoy la ak Rebelyon Boksè se te

- (1) etabli yon repiblik demokratik
- (2) elimine entèferans etranjè
- (3) genyen libète relijye
- (4) bese fado taks pou peyizan yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 9.

. . .Nan rès monn lan yo tèlman pran sipozisyon politik Lewòp yo pou aki pèsòn pa panse ak yo ankò; men omwen yonn nan sipozisyon sa yo, kwayans modèn nan gouvènman sekilye sivil, se yon kredo etranje nan yon rejyon [Mwayennoryan an] pifò abitan li yo, pandan plis pase mil lane, avwe lafwa yo nan yon Lwa Sen ki gouvène tout vi, menm gouvènman ak politik. . . .

– David Fromkin, *A Peace to End All Peace*


9 Kisa ki yon konklizyon valid baze sou lekti sa a?

- (1) Pifò leta Ewopeyen baze sistèm politik yo sou rete fidèl.
- (2) Sistèm politik yo nan Mwayennoryan an souvan reflekte valè tradisyonèl sosyete pa yo.
- (3) Kwayans nan gouvènman sekilye inivèsèl.
- (4) Mwayennoryan an se yon lidè nan devlopman leta demokratik yo.

10 Tèm Trete Vèsay ak depresyon ekonomik global lane 1930 yo te kontribye tou de nan

- (1) Goumen pou Afrik la
- (2) Masak Amritsar
- (3) monte diktati fachis nan Almay
- (4) fòmasyon Kongrè Vyèn nan

Sèvi ak òganizatè grafik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 la.



11 Kilès lidè ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?

- (1) Kemal Atatürk
- (2) Jiang Jieshi (Chiang Kai-shek)
- (3) Theodor Herzl
- (4) Anperè Meiji

12 Yon objektif envazyon Japonè nan Manchuria (1931) ak dezyèm Gè Sino-Japonè (1937–1945) a se te

- (1) gaye pratik Shinto a
- (2) louvri rezo komès yo
- (3) pran resous endistriyèl yo
- (4) evite enperyalis Alman an

13 Pou Adolf Hilter te jistifye kontwòl li sou teritwa lès yo li te deklare Almay te bezwen

- (1) genyen plis espas abitab pou pèp li
- (2) retabli koloni Azi li yo
- (3) bay marin li a aksè nan pò Kaspyèn yo
- (4) ranfòse trete lapè etabli yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14.

Premyèman yo te vini pou Kominis yo, men mwen pat yon Kòminis donk mwen pat di anyen. Answit yo te vini pou Sosyalis yo ak Manm Inyon Komès yo, men mwen pat yonn nan yo, donk mwen pat di anyen. Answit yo te vini pou Jwif yo, men mwen pat yon Jwif donk mwen pat di anyen. Epi lè yo te vini pou mwen, pat genyen pèsòn ki te rete pou pale pou mwen.

— Martin Niemöller

14 Kilès evènman Martin Niemöller refere nan pasaj sa a?

- (1) Gwo grangou nan peyi Ikrèn
 - (2) Premyè Gè Mondyal
 - (3) disolisyon Yougoslavi
 - (4) Olokòs
-

15 Yon egzamen kanpay Ris Nazi a nan lane 1940 yo t ap montre

- (1) atak naval yo jeneralman reyisi
- (2) teknoloji siperyè konpanse pou kondisyon natirèl yo
- (3) jewografi kapab genyen konsekans sou rezilta lagè
- (4) yon politik apezman souvan inefikas

16 Konfli militè Dezyèm Gè Mondyal yo te tèmine an Out 1945 lè

- (1) bonbadman Hiroshima ak Nagasaki te fòse Japon rann tèt li san kondisyon
- (2) Lame alye yo te kaptire Bèlen epi divize Almay
- (3) Almay ak Japon te negosye yon antant pou “lapè san viktwa”
- (4) Tribinal Militè Entènasyonal la pou Ekstrèmoryan an te kòmanse tande temwanyaj nan Tokyo

Sèvi ak imaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 la.



17 Imaj sa a montre yon etikèt itilize sou bwat èd pou Lewòp–Aprè Dezyèm Gè Mondyal kòm rezilta

- (1) Konvansyon Jenèv la
 - (2) Akò Trete pou Limite Zam Estratejik (Strategic Arms Limitation Treaty, SALT) yo
 - (3) Akò Helsinki a
 - (4) Plan Machal
-

18 Aprè Dezyèm Gè Mondyal, yo te fè jijman pou kriminel gè Nazi yo nan

- (1) Òganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN)
- (2) Tribinal Nuremberg yo
- (3) Komisyon Sadler
- (4) Kwa Wouj Entènasyonal

- 19 **“Kongrè Nasyonal Afriken (ANC) Mande Anile Lwa yo te Pase yo”**
“Evèk Desmond Tutu Genyen Pri Nobèl Lapè”
“Nelson Mandela Libere nan Prizon Apre li Pase 27 Lane”

Ki evènman istorik ki pi mache ak tit sa yo?

- (1) Kwame Nkrumah vini premye prezidan eli Ghana
- (2) konfli etnik yo nan Nijerya debouche sou gè sivil ak gwo grangou toupatou
- (3) Ejipt vini premye peyi Arab ki siyen trete pou lapè ak Izrayèl
- (4) manifestasyon kont politik apated gouvènman Afrik di Sid la


- 20 Migrasyon plis pase yon milyon moun soti Wanda nan lane 1990 yo se te rezilta

- (1) atwosite kont dwa moun
- (2) dezètifikasyon
- (3) inondasyon masif
- (4) maladi

- 21 Gè Koreyen an ak kriz misil Kiba a plis asosye ak

- (1) agresyon kominis
- (2) tansyon relijye
- (3) ranvèsman monachi yo
- (4) echèk Pwotokòl Kyoto a

Baze sou kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22.




Sous: *The History Place* online, 1999 (adapte)

- 22 Kat jewografik sa a dekri Vyetnam pandan ki peryòd?

- (1) rèy enperyal 19è syèk
- (2) Premyè Gè Mondyal
- (3) Dezyèm Gè Mondyal
- (4) Gè Fwad

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 la.



Sous: KAL, *The Economist*, November 19, 2009

23 Kisa desinatè a sijere k ap rive si reta pou jwenn yon akò entènasyonal pou kontwole gaz ki gen efè sè yo kontinye?


- (1) prezèvasyon espès ki prèt pou disparèt
- (2) menas entansifye pou glasye k ap fonn anpil ak inondasyon kontinantal
- (3) rediksyon enpak chanjman klimatik
- (4) ogmantasyon disponibilite resous dlo dous

24 Evènman Avril 1986 yo nan santral nikleyè Sovyetik nan Chernobyl demontre

- (1) ris yo pafwa enplike nan teknoloji avanse
- (2) destriksyon an tout sekirite asenal zam yo posibil
- (3) efò yo pou refòm nan espas travay kapab pafwa fini nan vyolans
- (4) koperasyon entènasyonal kapab evite yon katastwòf natirèl

Baze sou kat jwografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.

Yon Monn Defòme ak VIH/SIDA




Sous: "Living with AIDS," *National Geographic*, September 2005 (adapte)

25 Kilès konklizyon ki ka pi byen sitpòte dapre sa done 2003 yo montre nan kat jwografik sa a?

- (1) Emisfè Oksidantal la frape pi plis ak kriz VIH/SIDA.
- (2) Lachin ak Japon gen plis moun k ap viv ak VIH/SIDA pase Lend ak Tayland.
- (3) Kantite moun ki ap viv ak VIH/SIDA nan Mwayennoryan ap bese.
- (4) Afrik di Sid fè fas ak pwoblèm serye akòz kantite moun ki ap viv ak VIH/SIDA.

Sèvi ak graf ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 26.

Kantite pòv ki genyen mwens pase \$1.25 U.S. pa jou Liy Povrete



* Kouvèti sondaj la mwens pase 50%

Sous: World Bank (adapte)

26 Kilès deklarasyon ki pi byen sipòte ak done lane 2008 yo bay nan graf sa a?

- (1) Plis moun nan Mwayennoryan an ak Afrik di Nò genyen mwens pase \$1.25 pa jou pase moun nan Amerik Latin ak Karayib la.
- (2) Pifò moun ki soti nan Azi de Lès ak nan Pasifik la genyen dèt.
- (3) Plis moun Azi di Sid ap lite ak ekstrèm povrete pase moun ki soti nan nenpòt lòt rejyon.
- (4) Plis pase 100 milyon moun nan Lewòp ak nan Azi Santral genyen mwens pase \$1.25 pa jou.

- 27 • Gran itilizasyon sistèm irigasyon
• Gwo kontribisyon angrè chimik ak pestisid
• Itilizasyon semans ki modifiye jenetikman pou ogmante rekolt

Karakteristik sa yo mache pi plis ak

- (1) Gran Pa an Avan
- (2) ouvèti Japon
- (3) Revolisyon Vèt
- (4) Revolisyon Syantifik

28 Kilès teyori syantifik travay Copernicus, Galileo, ak Kepler sipòte?

- (1) teyori selilè
- (2) teyori atòm
- (3) teyori evolisyon
- (4) teyori yon inivè elyosantrik

29 Kilès revolisyon, Toussaint L'Ouverture te dirije, baze sou rebelyon esklav yo ki te reyalize endepandans?

- (1) Iranyen
- (2) Kiben
- (3) Ayisyen
- (4) Meksiken

30 Efondreman Anpi Otoman an, kreyasyon letanasyon yo nan Lewòp santral, ak fòmasyon Lig Nasyon yo se rezilta ki mache pi dirèkteman ak

- (1) Gè Napoleon yo
- (2) Gè Franko-Pris
- (3) Premyè Gè Mondyal
- (4) Dezyèm Gè Mondyal

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan ti liv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante an detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Mouvman Pèp—Migrasyon

Atravè istwa, diferan gwoup moun te migre volontèman oswa yo te fòse yo migre. Migrasyon yo a te vini relokalizasyon pèmanan. Migrasyon sa yo te genyen divès konsekans sous sosyete ak rejyon yo.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** migrasyon epi pou **chak**

- Deskri sikonstans istorik ki te abouti nan relokalizasyon pèmanan yon gwoup
- Diskite konsekans relokalizasyon pèmanan gwoup sa a te genyen sou yon sosyete *ak/oswa* yon rejyon

Ou ka itilize nenpòt migrasyon nan etid ou sou istwa ak jewografi jeneral. Kèk sijesyon ou kapab swete konsidere genyen migrasyon riral-pou-iben nan Grann Bretay, Jwif pou Palestin oswa Izrayèl, Endou/Mizilman pou Lend/Pakistan, moun lavil Kanbòdj pou lakanpay, ak Afriken pou Lewòp nan 20èm ak 21èm syèk yo.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Ou gendwa pa ka sèvi avèk migrasyon Endou ak Mizilman yo ant Lend ak Pakistan tankou de (2) migrasyon separe.

Pa itilize yon migrasyon nan Etazini nan repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Atravè istwa, moun te revòlte an reyaksyon ak yon kantite pwoblèm nan peyi yo. Revolisyon politik tankou *Revolisyon Fransèz* la, *Revolisyon Bòlchevik* la, ak *Revolisyon Kominis Chinwa* a te tante adrese pwoblèm sa yo ak divès degre siksè.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** revolisyon ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Diskite pwoblèm yo ki te lakòz moun yo revòlte
- Diskite kijan yon gouvènman revolisyonè ak/oswa pòs-revolisyonè te tante adrese pwoblèm yo

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante an detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



Sous: Greg Hetherton, *Revolutionary France: Liberty, tyranny, and terror*, Cambridge University Press

1 Sèvi ak dokiman sa a, kisa **de** (2) pwoblèm pèp Lafrans te rankontre avan Revolisyon Fransèz la? [2]

(1)

Score

(2)

Score

Dokiman 2

	Kò Dirijan	Karakteristik Prensipal Epòk la
1789 ↓ 1791	Asanble Nasyonal	Abolisyon abi Ansyen Rejim nan
1791 ↓ 1792	Asanble Lejislatif	Deriv pou pi gran radikalis—kòmansman lagè etranjè yo
1792 ↓ 1795	Konvansyon	Siksè nan gè etranjè—Rèy Radikalis laterè
1795 ↓ 1799	Direktwa	Peryòd reyaksyon Monte Napoleon

Sous: Philip Dorf, *Visualized Modern History*, Oxford Book Company (adapte)

2 Sèvi ak grafik sa a, ki **yon** chanjman ki te fèt nan gouvènman Lafrans lan pandan Revolisyon Fransèz la ant 1789 ak 1799? [1]

Score

Dokiman 3

Refòm Konsila yo (1799–1804) anba Napoleon


. . . Yon lòt gwo reklamasyon pèp Fransè a, pi gwo pase reklamasyon pou vòt la, se te plis rezon, lòd, ak ekonomi nan finans piblik ak taksasyon. Konsila a te bay sa yo tou. Pa t genyen egzonerasyon fiskal akòz nesans, estati, oswa dispozisyon espesyal. Chak moun te sipoze peye, pou pa t genyen dezonè atache ak peman, epi te genyen mwens evazyon. An prensip chanjman sa yo te pwopoze an 1789; apre 1799 yo te kòmanse aplike. Pou premye fwa nan 10 zan gouvèman an te reyèlman kolekte taks li enpoze yo pou li te kapab planifye rasyonèlman zafè finansye li yo. Lòd te mete tou nan depans yo, epi metòd kontabilite yo te amelyore. Pa t genyen ankò repatisyon dezòdone diferan “fon” yo anpil ofisyèl yo te konn pran jan yo vle epi an sekre lè yo te bezwen lajan, men yon konsantrasyon jesyon finansyè a nan trezò ak nan yon bidjè. Ensètitud revolisyonè yo sou valè lajan te fini tou. Akòz Direktwa a te apiye anatèm [wont] repidyasyon [abandon] lajan papyè ak dèt gouvènman an, Konsila a te an mezi pou etabli yon monè ki si ak kredi piblik. Pou asite nan finansman gouvènman an, yonn nan bank Ansyen Rejim nan te refòme epi te etabli tankou Bank Lafrans. . . .

Sous: R. R. Palmer et al., *A History of the Modern World*, McGraw Hill, 2002 (adapte)

- 3 Dapre R. R. Palmer et al., ki **yon** nan chanjman ki te fèt anba Napoleon pou ranje ekonomi Lafrans? [1]

Score

Dokiman 4



Sous: Konecky & Konecky, trans., *Chronicle of World History*, Grange Books (adapte)

4 Sèvi ak enfòmasyon ki nan liy tan sa a, kisa **de** (2) plent pèp Larisi a te genyen kont gouvènman Ris la? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5a

Statistik Pwodiksyon Larisi 1913 ak 1921

	Larisi Za a an 1913 Avan-Premye Gè Mondyal	Larisi Kominis 1921 a la fen Gè Sivil la
Grenn	85 milyon tòn metrik	23.7 milyon tòn metrik
Chabon	29 milyon tòn metrik	9.5 milyon tòn metrik
Fè brit	4.2 milyon tòn metrik	1.2 milyon tòn metrik
Petwòl	9.2 milyon tòn metrik	3.8 milyon tòn metrik

Sous: B. R. Mitchell, *European Historical Statistics 1750–1975*,
Second Revised Edition, Facts on File (adapte)

Dokiman 5b

Gè Kominis se te yon pwogram ijans Lenin te etabli pandan gè sivil la [1918–1921]. Gè Kominis la te genyen ladan sezi pa lafòs grenn yo, nasyonalizasyon tout komès ak endistri epi kontwòl estrik travay. Kòm rezilta pwogram sa ak domaj gè a, pwodiksyon endistriyèl ak agrikòl te deklive konsiderableman, epi popilasyon an te sibi gwo difikilte sevè. Li te koze yon gwo grangou ki te lakòz lanmò estime a 5 milyon moun. . . .

Sous: Stephen Tonge, "Russia 1917–1924," *A Web of English History* online

5 Baze sou enfòmasyon estatistik ak ekstrè Stephen Tonge la, ki **yon** fason politik Gè Kominis Lenin nan ak gè sivil la te afekte Larisi? [1]

Score

Dokiman 6

. . . Sechrès te redui drastikman pwodiksyon rekòt. Anba kominis, se leta ki te posede tout tè. Rekòt yo te pou leta, ki te sezi yo. Peyizan yo pat kapab vann yo. Kòm rezilta, yo pat gen okenn motivasyon pou kiltive plis manje pase sa yo te ka manje. Yon gwo grangou te tonbe nan peyi a. Moun te mouri ak grangou.

An 1921, Lenin te enstitye Politik Nouvèl Ekonomi (NEP) a pou te koresponn ap sityasyon sa a. Lè Stalin te pran pouvwa a nan ane 1924, NEP la te deja byen an plas. Se te yon retrè nan kominis, “yon retou pasyèl nan antrepriz prive.” Peyizan yo te dwe remèt rekòt yo bay gouvènman an. Angiz, yo te peye yon taks sou sa yo te pwodui, epi yo te otorize yo vann li pou yon pwofi. Byenke pwopriyete prive te teknikman aboli, yo te kapab kounye a posede epi administre ti fèm. Yo te kapab anplwaye travayè. Sitwayen te kapab kòmanse nouvo biznis. Enstalasyon endistriyèl ki te mal dirije yo te retounen jwenn ansyen pwopriyete yo. Tout sistèm finansye Kominis la te reòganize sou liy semikapitalis. Kapitalis etranje te envite pou envesti nan biznis leta te posede. Respons la te limite. . . .

Sous: Ted Gottfried, *The Stalinist Empire: The Rise and Fall of the Soviet Union*,
Twenty-First Century Books, 2002 (adapte)

6 Dapre Ted Gottfried, kisa ki te **yon** konsekans Politik Nouvèl Ekonomi Lenin nan sou sosyete Ris la? [1]

Score

Dokiman 7

. . . Peyizan an se te “moun bliye” Lachin. Pwobableman pwoblèm ki pi serye Kuomintang [Nasyonalis] yo se te ekstrèm povrete pèp Lachin nan te souffri pandan plizyè syèk. Nan lane 1900 yo te kontinye pòv dezespereman. Nan yon lane, peyizan mwayen Chinwa a petèt te genyen menm kantite yon travayè Ameriken te fè nan yon semèn. Si sechrès oswa inondasyon te detwi rekòt li, peyizan Chinwa a te grangou oswa menm preske mouri grangou. Peman menm taks ki pi piti a te yon fado lou pou plizyè milyon agrikiltè Chinwa. Sepandan pi fò revni gouvènman an te soti nan taks sou tè. Konsa, sakrifis penib te egzije nan men peyizan ki te deja souffri twòp. Nan rejis istwa Chinwa, li te kapab predi gouvènman Nanking nan ta pral gen pwoblèm sof si li te kapab bay soulajman ak peyizan. . . .

Echèk Nasyonalis yo pou rezoud pwoblèm agrikilti a te genyen konsekans malere. Lachin te bezwen an ijans pwodui alimentè pou nourri popilasyon li a ki tap grandi. Enkapasite peyizan yo pou ogmante pwodiksyon rekòt te siyifi grangou atravè peyi a. Mank sipli pwodui agrikilti pou itilize nan komès te limite kapasite Lachin pou achte machin aletranje. Anplis, peyizan ki t ap souffri yo te bay Kominis yo yon zam pisan pou itilize kont gouvènman Nanking [anba Chiang Kai-shek]. Kuomintang nan te blame pou tout pwoblèm Lachin. . . .

Sous: Hyman Kublin, *China*, Houghton Mifflin Company, 1968

7 Dapre Hyman Kublin, ki **de (2)** pwoblèm Lachin te konfwonte anba Nasyonalis yo? [2]

(1)

Score

(2)

Score

Dokiman 8

. . . Nan premye lane rejim Kominis la [anba Mao Zedong] te konsakre ak travay ijans epi chanjman sosyal drastik. Nan lakanpay yo gouvènman an te reklame tè pwopriyetè rich yo te genyen anvan epi divize yo bay peyizan yo. Baraj yo te rekonstwi epi kanal yo te drage. Ray tren yo te repare epi nouvo lòt te konstwi.

Te genyen motivasyon nan nivo nasyonal pou elimine tout opozisyon ak nouvo rejim nan. Anti-revolisyonè yo (moun ki te opoze ak rejim nan) nan te arete epi jije nan jijman piblik an mas epi egzekite. Jijman sa yo te spektak piblik kote plizyè milye moun te konfese “peche politik” yo, epi fowl isterik te deside lanmò yo. . . .

Sous: Earl Swisher, *China*, Ginn and Company, 1964

8 Dapre Earl Swisher, ki **yon** fason rejim Lachin Kominis la te eseye pote chanjman? [1]

Score

Dokiman 9

...Men Kominis Chinwa yo te mete anfas tou sou pèsyazyon—atravè kontwòl panse, pwopagann, epi gwoup presyon yo—pou fòse moun konfòme yo. Objektif la se te devlope yon lòt kalte moun nan Lachin, obeyisan ak leta devwe pou sèvi nouvo sosyete Lachin nan. . . .

Mezi drastik te òdone. Yo te bay faktori yo ak min yo orè pwodiksyon ki wo. Sa te siyifi travayè te dwe travay pi di epi pandan plis tan. Kominote agrikòl te fòme nan lakanpay. Fanmi yo te souvan separe (mari ak madanm t ap viv nan dòtwa separe epi timoun yo nan gadri). Agrikiltè yo te manje nan sal manje kominote yo epi yo te defile pou travay an fòmasyon militè. Jounen travay yo te dire depi maten jiska aswè, avèk poz sèlman pou antrènman militè ak konferans sou pwopagann. . . .

Sous: Daniel Chu, *Scholastic World Cultures: China*, Scholastic Book Services, 1980 (adapte)

9 Dapre Daniel Chu, kisa **yon** metòd gouvènman Chinwa a te itilize pou fòse pèp Chinwa a konfòme li? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanj ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Atravè istwa, moun te revòlte an reyaksyon ak yon kantite pwoblèm nan peyi yo. Revolisyon politik tankou **Revolisyon Fransèz** la, **Revolisyon Bòlchevik** la, ak **Revolisyon Kominis Chinwa** a te tante adrese pwoblèm sa yo ak divès degre siksè.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** revolisyon ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Diskite pwoblèm yo ki te lakòz moun yo revòlte
- Diskite kijan yon gouvènman revolisyonè ak/oswa pòs-revolisyonè te tante adrese pwoblèm yo

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanj ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

